



RESOUS

Ou kapab jwenn Kòd de Kondwit elèv
nan lékol Palm Beach County sou sit
entènèt: www.palmbeachschools.org/policies

Policy 5.1812 pou elèv lekòl primè
Policy 5.1813 pou elèv lekòl segondè

W'ap jwenn règleman Komité Lékol Palm
Beach nan Florida sit entènèt:
www.palmbeachschools.org/policies
Policy 5.1817 - Ekspilsyon Elèv
Policy 5.1818 - Tounen lekòl pi bonè nan
yon lekòl konpreyansif apre yon
ekspilsyon
Policy 5.1819 - Deziyasyon nan Biwo
Hearing pou Ekspilsyon




**Legal Aid Society of
Palm Beach County**
423 Fern Street, Suite 200
West Palm Beach, FL 33401

Pou konnen si ou kalifyé pou sèvis
legal gratis pou yo ba ou konsèy sou
zafè mété déyo a, rélé 561-822-
9786.

*Yo kontrolé si ou élijib pou sèvis sa
yo dépandan de kantité moun nan
fanmi-a epi tou de gid gouvenman
fédéral ki détèminé nivo povréte
moun yo. Pa ekzanp, nan lané 2015,
200% nivo povrete yon fanmiy de 4
moun se \$48,500.00.

KONFWONTE EKSPILSYON !

Yon Gid pou Elèv k'ap fè fas ak
pwoblèm ranvwa e yon ek-
splikasyon sou pwojè Legal Aid
Society nan Palm Beach County
sou zafè Ranvwa sa



"[T]imoun yo pa pèdi dwa
Konstitisyonel yo devan pòt
kay lekòl la."

— Tribunal Siprèm Ameriken

Enfòmasyon General

Pwojet Ravnwa se yon pwogram espesyal Legal Aid Society nan Palm Beach County genyen avek sipò Komite lekòl nan Palm Beach. Pwogram sa bay sevis legal gratis pou fanmi ki fe lajan yo mande pou kalife-a* e ki fe fas a pwoblem kote yo ka mete pitit yo deyo.

Ravnwa vle di ke yo retire dwa ke yon élèv genyen pou li ale nan lekòl publik nan Palm Beach la pou yon peryod tan ki pa dwe depase res ane lekòl la e yon lòt ane an plis.

- Lòt distrik lekòl kapab respekte yon renvwa si se te pou yon zak ki t'ap lakoz yon renvwa nan distrik sa tou.
- Lekòl nan Palm Beach County yo ofri edikasyon pou élèv yo mete deyo nan lekòl nan yon lot kote.
- Si ou kwè ke pitit ou a ka bezwen edikasyon espesyal e ke yo pako janm evalye li, ou ka mande Komite Lekòl la pou evalye pitit ou a avan yo fe yon hearing pou metel' deyo nan lekòl li.

Élèv ki jwen edikasyon espesyal yo paka mete yo deyo selon politik Komite Lekòl la.

Dokiman pou ou Mande

Li enpòtan pou mande kopi tout dokiman lekòl yo, ladan sa genyen :

- Deklarasyon temwen
- Rapò envestigasyon/ensidan lekòl la
- Dosye lekòl élèv la, ak avi pou disipliné li,
- Avi ki gen Chay espesifik yo akizé li

Pwosedi pou Hearing Nan

Yo paka mete élèv yo deyo san yo pa bay avi pou ki rezon Komite Lekòl la vle ranvwaye yo epi yo gen dwa pou fe yon chita tande sa yo rele hearing pou konsidere tout sa ki pase yo.

Menm si yon élèv pa diskite chay yo mete sou do li yo, li ta dwe mande yon hearing pou evidans prezante kòm prev ke sanksyon an kòrek (ravnwa).

AVAN

Osito ke paran resevwa Rekomandasyon pou Ravnwa Sipe -entendan voye, gen 3 chwa :

1. Mande yon hearing (nan 15 jou apre ou jwen avi a);
2. Pa fe anyen epi Komite Lekòl la siman ap vote pou ranvwaye élèv la (tout moun ki ap fe fas a pwoblem ranvwa kapab rankontre ak manb Komite Lekòl yo pou 3 minit jou y'ap vote an pou mande ke yo pa ranvwaye élève la);
3. Si ou panse ke pitit ou ka bezwen edikasyon espesyal, e ke yo pako janm evalye li, ou ka konsidera mande Komite Lekòl la evalye pitit ou-a avan yo rankontre pou fe tanke pou mete li deyo-a.

Se moman sa pou kontakte Legal Aid pou rankontre avek yon avoka pou ede ou avek chwa sa yo.

PANDAN

Kiles ki Prezan?

- Ofisyè Hearing nan—yon pati ki pa konsene nan zafe kap diskite a kap dirije chita tande-a
- Paran ak Élèv
- Avoka yo—pou Komite Lekòl ak élèv
- Estenograph Tribunal—li pran rapo tout sa ki pale nan yon hearing (li kapab la si paran peye pou sa; otrem an y'ap anregistre hearing nan sou tep ou byen CD)
- Temwen—ladan yo kapab genyen élèv, dirijan lekòl, ofisyè ki okipe de resous lekòl, etc.

Sa ki Pase?

Tou de pati you kapab:

- Presente evidans pa ekri ou byen pa oral
- Rele epi keksyone temwen yon lot
- Gen avoka pou reprezante yo

APRE

1. Ofisyè Hearing yo bay rapò ak rekomandasyon devan Komite Lekòl la sou 15 jou apre hearing nan fin fet.
2. Élèv la gen 15 jou pou bay objeksyon (li pa dakò) a rekomandasyon Ofisyè Hearing la.

Si li pa Dako: Chak pati ka prezante pledwari li devan Komite Lekòl la avan Komite a pran desizyon final.

Apel: Élèv ki pa dakò avek desizyon Komite Lekòl la pran pou mete yo deyo kapab konteste an apel devan kou d'apel nan distrik apwopriye-a.

Élèv ki Andikape

Élèv ki gen yon plan edikasyon endividuel (IEP) yo pap mete yo deyo, men yo ka rive abouti nan yon lot lekòl. Élèv ki nan Plan 504 yo gen dwa manifeste kont yon deteminasyon AVAN yo ranvwaye yo nan lekòl la ou byen AVAN rekomandasyon gentan fet. Anjeneral, si konpotman élèv la se akòz akòz yon andikap, yo paka mete li deyo.

